

Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA SHANNON LAN KI EGZIJE GWO GWROUP KONPAYI ASIRANS YO POU KOUVRI MEDIKALMAN MOMOGRAM KI NESESÈ YO**

***Gouvènè Cuomo: "Nou konnen ke avèk dyagnostik kansè yo, deteksyon bonè se pi bon tretman posib lan. Administrasyon sa a te pran epi pral kontinye pran mezi agresif pou ranvèse kèlkeswa baryè yo pou depistaj kansè nan tete yo pou fanm yo nan tout Eta a".***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislakasyon ki ranfòse pi plis pwoteksyon sante fanm yo. Lwa (S.3852-A/A.5502-A) lan egzije gwo gwoup konpayi asirans yo pou kouvri medikalman mamogram ki nesesè yo pou fanm yo ki aje ant 35 ak 39 ane. Lejislasyon an, yo konnen kòm "Lwa Shannon lan" rele konsa pou Shannon Saturno nan Babylon, Long Island, yo te dyagnostike avèk kansè nan tete a 28 ane epi ki te mouri a 31.

"Nou konnen ke avèk dyagnostik kansè yo, deteksyon bonè se pi bon tretman posib lan. Administrasyon sa a te pran epi pral kontinye pran mezi agresif pou ranvèse kèlkeswa baryè yo pou depistaj kansè nan tete yo pou fanm yo nan tout Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou siyen lejislasyon sa a, nou ap franchi yon lòt pa pou ranvèse baryè pou depistaj kansè nan tete epi amelyore aksè ak swen sante pou tout fanm yo nan New York."

"Nou ap kontinye redouble efò nou yo pou etann aksè ak sèvis ki kapab pwobableman sove lavi yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou konnen mamogram ak depistaj pou kansè dwe disponib pou tout Nouyòkè yo, epi lwa sa a pral ede nou asire kouvèti, despistaj bonè, ak tretman. Nou angaje nou pou pwomouvwa depistaj pou kansè nan tete nan tout Eta a epi kontinye sove lavi yo."

Aktyèlman, yo egzije anpil konpayi asirans pou kouvri depistaj mamogram anyèl yo pou fanm ki gen plis pase 40 ane yo, men plis pase 12,000 ka kansè nan tete detekte chak ane lakay fanm yo ki anba laj 40 ane epi souvan nan faz final yo ak fòm kansè ki pi agresif yo.

Lwa Shannon lan pral egzije gwo gwoup konpayi asirans yo pou kouvri depistaj mamogram anyèl yo pou fanm yo ki aje ant 35 ak 39 ane lè sa nesesè medikalman.

**Senatè Eta Monica R. Martinez te deklare,** "Mwen kwè anpil nan enpòtans deteksyon bonè, epi li enperatif ke moun ki anba 40 ane yo gen aksè ak mamogram anyèl yo lè yo jije sa nesesè medikalman. Avèk 1 sou 8 fanm ki devlope kansè nan tete pandan lavi yo, adopsyon lwa sa a fundamental pou rann posib deteksyon bonè epi sove lavi yo".

**Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare,** "Twòp jèn fanm pèdi lavi yo nan kansè nan tete akòz dyagnostik twò ta. Maladi sa a gen enpak sou fanm yo jèn ak vye, se pou sa ekspansyon kouvèti pou mamogram yo sitèlman enpòtan konsa. Bese laj depistaj mamogram anyèl ki kouvri yo pral asire fanm yo kapab pran mezi avan li twò ta. Lwa Shannon lan te dwe vote depi lontan, epi mwen rekonesan ak Gouvènè Cuomo pou sipò li".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)